




MINISTE SANTE PIBLIK AK POPILASYON

PWOGWAM NASYONAL POU LITE KONT MALADI
TIBEKILOZ AK MALADI LÈP

Kijan pouw chèche epi trete maladi lèp



Kisa maladi Lèp la ye ?

Maladi lèp la se yon maladi atrapan. Se yon mikwòb ki rele *Mycobacterium leprae* ki bay li. Mikwòb sila pran anpil tan poul devlope andedan kò moun lan. Se rezon sa a ki fè **maladi a pran tan avan li deklare** (10 lane konsa). Maladi sila parèt sou plizyè fòm epi tou sentòm yo parèt apre 10 lane.

Koman ou ka atrapel ?

Yo pa fin konnen kijan yon moun trape maladi sila. **Ti moun kou granmoun, gason kou fanm tout ka trape maladi lèp.** Men kòm maladi sa pran o mwen 10 lane pou li parèt, se sak fè ou pa wèl fasil kay timoun ki gen mwens ke 10 lane. Ta sanble ke moun kap viv pil sou pil nan yon pyès kay ta pi fasil trape maladi sila. Men gen de moun ki pap trapel menm si yo manyen yon moun ki genyenl.

Kijan ou ka rekonèt yon moun ki gen lèp?

Yon moun ki gen maladi lèp genyen tach osnon plaka sou kò li. Plaka sila yo moun lan pa santi lè w pase yon moso koton sou pol.

Tach: yo ka koulè wouj oswa koulè yon 5 kòb kwiv, yo ka plat oswa fè bousòl; yo pa grate. Lè wap egzamine moun lan ou gen pouw wè li pa santi doule, kote a osnon zòn lan pa sansib.

Lèt saw ka wè: **po moun lan ka vin pwèss, yon jan douk douk, li ka gen bousòl ki menm koulè ak pol ou bien ki ka gen koulè wouj men moun sila ka toujou gen kote osnon zòn lan kò l ki rete sansib lè wap egzaminel.** E si moun lan pa pran bonè li ka domaje moun nan lan dwèt osnon nan lòt pati nan kò l.

Koman'w ka tretel ?

Maladi Lèp kapab trete ak medikaman.

Depistaj ak tretman an fèt gratis.

Ki prekosyon m ka pran pou evite maladi lèp ?

Tout moun nou depiste yo dwe ale nan sant sante.

Se yon maladi ki an soudin. Li devlope anba anba e li bay gwo pwoblèm kòm kwa li ka domaje moun ki fè maladi a. Se pou sa nou dwe **siveye tout moun ki tap viv nan vwazinaj osnon nan menm kay ak yon moun ki gen tach oswa plaka sou po li.**

Si ta va gen yon maladi ki baw pwoblem po kòm kwa ou pa fin twò konnen kisa ye, **voye moun sila nan yon sant espesyalize nan zafè maladi po.**

Li enpotan pouw chèche maladi sa a bonè e fòk nou kontinye respekte tout règ liyèn.

Maladi lèp se yon maladi ki gen trètman e ki ka geri. Depistaj ak trètman an fèt gratis nan peyi Dayiti.

Remèsiman

OPS/OMS

DPSPE

CMMB

CIFAS

Enfòmasyon

Pou tout enfòmasyon kew bezwen anplis, ou kapab ekri nou nan adrès sila :

pntsecretariat@gmail.com